Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№115 (26328)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 3 июль – сусæны мæйы 3 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЕ 'МДУГОНТÆ
Ахуырады ветеран

3 ИВГЪУЫД ЦАРДЫ НЫВТÆ
Сардо

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Дзюдо

Æхсызгон фембæлд

Зæрдиагдæр арфæтæ – Цæгат Ирыстоны ахуырады раззагдæртæн

Цæгат Ирыстоны астæуккаг скъолаты ацы азы æнтыстджындæр рауагъдонтæн кадгæнæн фембæлд сарæзтæуыд Дзæуджыхъæуы Сæрибары фæзы. Царды уæрæх фæндагыл чи æрлæууыд, уыцы фæсивæдæн арфæ ракодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.

Республикæйы скъолаты ацы азы рауагъдонтæй 344 лæппу æмæ чызджы райстой «сырх» аттестаттæ æмæ майдантæ «Уæлдай æнтыстджын ахуырады тыххæй». Уыимæ, кадгæнæн фембæлды архайæг уыдысты, Иумæйаг паддзахадон фæлварæнтæ дæтгæйæ, алы предметтæй 100 баллы чи райста, уыцы рауагъдонтæ дæр.

Дзæуджыхъæуы сæйраг фæз бæрæгбоны фæлыстимæ сæмбæлд æмбырды архайджытыл, дæрдтыл хъуыстысты музыкæйы зæлтæ æмæ зæрдæбын арфæтæ... Фембæлды цыд иуцасдæр фæкъуыхцы кодта цыбыр тæрккъæвда. Фæлæ уыцы æрдзон фæзынд дæр нæ фехæлдта бæрæгбоны æнкъарæнтæ...

Сергей Меняйло йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй сæрмагонд арфæйы аккаг сты, дæргъвæтин рæстæг йæ ахуырады уæлдай æнтыстдзинæдтæ кæй къухы æфтыд æмæ, фæлварæнты рæстæг йæ зонындзинæдтæ ирдæй чи равдыста, уыцы рауагъдонтæ.

– Нæ фæсивæды уындæй зæрдæ рухс кæны... Ме 'взонг хæлæрттæ, сымахæй алчидæр æрлæууыд йæхи сæрмагонд цардвæндагыл, бирæ зындзинæдтæ æмæ æндæр фæлварæнты сæрты хизгæйæ, тырнут размæ, уæ равзæрст нысантæм. Алкæддæр аргъ кæнут ныййарджытæ æмæ иннæ хистæрты ныхасæн, ут ныфсджын æмæ хъомысджын. Мах дæр уе 'ппæт фæрныг хъуыддæгты уыдзыстæм уæ фарсмæ, – загъта республикæйы разамонæг.

Фембæлды архайæг уыдысты РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз,** Хицауады Сæрдары хæдивæг **Платы Альбинæ**, республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**, æндæр ведомствæты минæвæрттæ æмæ муниципалитетты разамонджытæ.

СЛАНТЫ Аслан

Регионалон программæ

«Æхсарджын Ирыстон»: кæронбæттæны архайджыты номхыгъд

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд регионалон программæ «Æхсарджын Ирыстон» æххæст кæнынмæ цæстдарæг æхсæнадон советы æмбырд. Фембæлды архайджытæ сбæлвырд кодтой амынд программæйы кæронбæттæн ахуырты архайджыты номхыгъд.

Советы уæнгтæ бæстон бахыгътой, программæйы архайынвæнд чи скодта, уыцы кандидаттæ тесттæ æмæ æндæр фæлварæнтæ куыд раттой, æвзарæн къæпхæнтыл цы зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинад равдыстой, уый. Афтæмæй æппæт экспертон бæрæггæнæнты бындурыл равзæрстой программæйы кæронбæттæн къæпхæны архайджыты.

Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, кæронбæттæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, бæстон каст цыд кандидатты хæстон сгуыхтдзинæдтæм, сæ профессион зонындзинæдтæ æмæ куыстадон фæлтæрддзинадмæ, сæ удыхъæды миниуджытæ æмæ æндæр æууæлтæм.

– Программæ «Æхсарджын Ирыстон» арæзт у сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн. Уыцы æфсæддон службæгæнджытæй программæйы кæронбæттæны архайæг чи суа, уыдонæн августы райдайдзысты сæрмагонд ахуырадон семинартæ. Ахуыртæ амондзысты хицаудзинады паддзахадон æмæ муниципалон оргæнты фæлтæрдджындæр кусджытæ, профессион цæттæдзинад бæрзонддæр кæныны федералон æмæ регионалон центрты специалисттæ, зындгонд эксперттæ. Ахуыртæ æнтыстджынæй чи ахицæн кæна, программæйы æмæ æндæр фæлварæнтæ саразгæйæ, æхсæнадон советы уæнгтæ равзæрстой программæйы кæронбæттæны архайæг 32 адæймаджы. Уыдон иууылдæр сты Цæгат Ирыстоны цæрджытæ, ис сæм уæлдæр профессион ахуырад. Кандидаттæй æппæты хистæрыл цæуы 52 азы, æппæты кæстæрыл та – 24 азы.

уыцы архайджытæн фидæны уыдзæн сæ профессион дæсныдзинад æмæ зонындзинæдтæ хицаудзинады регионалон æмæ муниципалон оргæнты, стæй æхсæнадон организациты куысты равдисыны фадат, – бафиппайдта республикæйы Сæргълæууæг.

«Æхсарджын Ирыстон»-ы архайыны фæдыл курдиæттæ балæвæрдтой 385 адæймаджы. Уыдонæй фыццаг къæпхæныл æвзæрст æрцыдысты 157 кандидаты. Дарддæр программæйы æхсæнадон совет куыста уыцы адæмы курдиæттимæ. Кандидаттимæ фембæлгæйæ æмæ сæрмагонд тесттæ

Зындгонд куыд у, афтæмæй нысанмæ арæзт регионалон программæ «Æхсарджын Ирыстон» йæ тыхы бацыд 2025 азы райдайæны. Йæ сæйрагдæр нысантæ сты сæрмагонд æфсæддон операцийы раздæры архайджыты профессион рæзтæн фадæттæ аразын, хицаудзинады регионалон æмæ муниципалон оргæнтæ æмæ æхсæнадон иугæндтæн разамонæг кадртæ цæттæ кæнын.

КАЛМАНТЫ Аслан

Адæмон газет

«Рæстдзинад» – 2025 азы дыккаг æмбисæн

ФИППАИНАГ!

Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газет рафыссыны рæстæг адарддæр кодтой 13 июльмæ. Æхсæз мæйæн йæ аргъ у 1711 сомы æмæ 20 капеччы. Адæмы льготон къордты минæвæрттæн ис газет асламдæрæй, ома, 1390 сомы æмæ 92 капеккæй рафыссыны фадат. Фондз мæйæн газет рафыссыны аргъ у 1426 сомы, льготон къордты минæвæрттæн та – 1159 сомы æмæ 10 капеччы.

Газет «Рæстдзинад»-ы индекс – 53901.

РЕДАКЦИ

Социалон фарста

Лæваргонд дзаумайы бæсты – 5 мин сомы

Цæгатирыстойнаг ноггуырдты ныййарджытæ нырæй фæстæмæ сывæллоны фæзынды фæстæ исдзысты фæйнæ 5 мин сомы. Ахæм уынаффæимæ сразы сты Хицауады æмбырды. Кæд æмæ саби фæзынд 30 июны фæстæ, уæд лæваргонд дзаумайы бæсты ныййарджытæ исдзысты фæйнæ 5 мин сомы.

Фæллой æмæ социалон рæзты министрады куыд æмбарын кæнынц, афтæмæй 1 январæй 30 июны онг чи райгуырд, æмæ лæваргонд дзаума ноггуырдæн чи нæ райста, уыцы сабиты ныййарджытæн сæ бон у 5 мин сомы райсын. «Афтæмæй сын фадат уыдзæн хъæугæ товартæ балхæнынæн саби хъуагдзинæдтæ цæмæй æвзары, ахæмтæ», – загъта министр Абайты Юри.

Фæллой æмæ социалон рæзты министрады пресс-службæ

Дзырды фарн

Рæстæг дзæгъæлы сафæн нæй ...

КОЦОЙТЫ Арсен

Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **3 июлы** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **14-16 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 15,17 | Хурыскаст — 04,27 Хурныгуылд — 19,44 | Валютæйы аргъ | Доллар — 78,71 Евро — 92,52 | 12 +

Кусæг фембæлд

Алцыдæр – цæрджыты удæнцойæн

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис фембæлд Автомобилон транспорт æмæ фæндагон хæдзарады кусджыты æппæтуæрæсеон профцæдисы сæрдар Владимир ЛОМАКИНИМÆ.

Кусæг фембæлды архайдтой РЦИ-Аланийы транспорт æмæ фæндагон хæдзарады комитеты сæрдар **Солиты Тариэл** æмæ РЦИ-Аланийы профцæдисты федерацийы сæрдар **Касаты Таймураз**.

Дзанайты Барис фæбæрæг кодта, абон Автомобилон транспорт æмæ фæндагон хæдзарады кусджыты æппæтуæрæсеон профцæдис бирæ æвæрццæг хъуыддæгтæ кæй аразы организацийы минæвæртты царды уаг æмæ социалон æдасдзинад фæбæрзонддæр кæнынæн. Йæ ахъаззагдæр нысантæй иу у автотранспорт æмæ фæндагон хæдзарадимæ социалон æмгуыстад.

– Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**йы фæдзæхстмæ гæсгæ республикæйы къорд азы цæуы егъау куыст фæндагон инфраструктурæ æмæ транспортон комплекс сног кæныныл. Æдæппæтæй фæстаг цыппар азмæ фæдагон-транспортон системæйы рæзтыл хардзгонд æрцыд 20 миллиард сомы бæрц. Уый руаджы балхæдтам гыццыл æмæ рæстæмбис къласы 250 автобусы муниципалон æмæ муниципалон районты 'хсæн маршруттæн. Афтæ ма балхæдтам 28 трамвайæн ног вагæттæ. Ацы транспорты хуыз Дзæуджыхъæуы цæрджытæ æмæ туристтæ бирæ уарзынц. Мах нæ гражданты удæнцойæн алцыдæр аразæм. Республикæйы фæзуаты фæндагон хæдзарады ахъаззаг дæсгай объекттæ сарæзтам æмæ бындуронæй рацарæзтам. Регионы хицауад профцæдистимæ æмгуыст кæны, цы фарстатæ сæвзæры, уыдон алыг кæныныл. Мах хъусæм нæ республикæйы цæрджыты ныстуантæ æмæ дарддæр дæр афтæ архайдзыстæм, – бахаух кодта Дзанайты Барис.

Владимир Ломакин та загъта, Цæгат Ирыстонмæ кæй ссыди Автомобилон транспорт æмæ фæндагон хæдзарады кусджыты æппæтуæрæсеон профцæдисы æххæсткомы æмбырды фæлгæты – райдайдзæн абон, 3 июлы, Налцыччы.

– Тынг ахсджиаг у автомобилон транспорт æмæ фæндагон хæдзарады къабазы политикæйы æмархайд. Æххæстком ссыди, цæмæй æрдзурæм социалон фарстаты æмгуыстадыл Цæгат Кавказы федералон зылды. Мах цæуæм æппæт регионтæм, нæ зæрды ис, къабазыл рæстмæ чи фæзындзæн æмæ йæ куысты ахадындзинад цæй руаджы фæбæрзонддæр уыдзæн, уыцы фæлтæрддзинадмæ лæмбынæг æркæсын. Цæгат Ирыстоны тыххæй та зæгъын æмбæлы, ам кæй ис хорз куыстуæттæ æмæ дæсны разамонджытæ, – фембæлды кæронбæттæны загъта Владимир Ломакин.

ГАПБАТЫ Алетæ

Хъæууонхæдзарад

Фæззыгæнд æфснайынмæ бавнæлдтой

Цæгат Ирыстоны йæ тыхы бацыдысты фæззыгæндтæ æфснайыны куыстытæ. Раздæр уал бавнæлдтой Мæздæжы районы фæззыгæндтæм. Хорæфснайджыты архайдмæ йæ хъус дары республикæйы Хъæууон хæдзарады министрад.

Районмæ æрцыдысты кусæг балцы, специалисттæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй æнхъæлмæ кæсынц дзæбæх тыллæгмæ. Гектарæй райсынвæнд кæнынц 40-45 центнеры. Цæгат Ирыстонæн зæххы куыст тынг ахсджиаг у, нæ бæстæйы æдасдзинады программæмæ республикæ йæ бавæрæн алы аз дæр бахæссы.

Национ проект «Хойраджы æдасдзинады технологон ифтонгад»-мæ гæгсæ, бæстæйы агропромышленнон комплекс райрæздзæн. Цæгат Ирыстоны хъуамæ фæззыгæндты тыллæг бафснайой 50 мин гектарæй.

Нæ уацхæссæг

Не 'мдугонтæ

Ахуырады ветеран

Куысты хæстæ æнаиппæй æххæст кæнгæйæ, æхсæнады хорздзинадæн æмæ бæстæйы размæцыдæн ахъаз чи кæны, дзыллæтæ уыцы адæймагæн кад кæнынц. Ахуырад рагæйдæр паддзахады райрæзты сæйраг рахæцæнтæй иуыл нымад кæй у, уымæ гæсгæ ахуыргæнæджы куыст адæймагæй домы бæрнондзинад, рæзгæ фæлтæримæ кусынмæ арæхстдзинад.

Ныр фондз азы дæргъы **Мзокты Иринæ** дæсны разамынд кæмæн дæтты æмæ æрæджы æстай азы кæуыл сæххæст, Дзæуджыхъæуы æфсады инæлар Плиты Иссæйы номыл уыцы 26-æм скъолайы фæллой кæнынц куыстмæ æвзыгъд, парахат зонындзинæдтæ кæмæ ис, ахæм ахуыргæнджытæ. Ацы фæлтæрдджын педагогтæй иу у дыккæгæмæй фарæстæм кълæсты онг англисаг æвзаджы ахуыргæнæг **Фидараты Мэри**. Ацы педагогæн йæ мад Хъуппеты Раисæ дæр дзæвгар рæстæг бафæллой кодта ацы ахуыргæнæндоны уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй. Къорд азы дæргъы дзы ахста завучы бынат дæр. Уæвгæ, Мэри амынд скъолаимæ баст у сабибонтæй нырмæ. Йæ заманы Мэри 26-æм скъолайы ахуыр кодта дæс азы дæргъы æмæ йæ 1976 азы сыгъзæрин майданимæ каст куы фæци, уæд ахуырад адарддæр кæнынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты фæсарæйнаг æвзæгты факультетмæ. Астæуккаг скъолайы куыд уыд, афтæ университеты дæр Мэри йæхи равдыста зонындзинæдтæм тырнæг, ахуырадыл æнувыд чызгæй. Студенткæ йæ хæслæвæрдтæ æнаиппæй, æнтыстджынæй кæй æххæст кодта, уый тыххæй йын æмбæлттæ æмæ ахуыргæнджытæ кад кодтой.

Амынд факультет сырх дипломимæ каст фæуыны фæстæ Мэри 1981 азы кусын райдыдта Дзæуджыхъæуы 26-æм скъолайы англисаг æвзаджы ахуыргæнæгæй. Ахуыргæнæндоны педагогтæ, сæ раздæры ахуырдзау чызгыл æхсызгонæй сæмбæлдысты, цæстуарзонæй йын æххуыс кодтой.

Рæзгæ фæлтæры пайдаг зонындзинæдтæ фæфылдæр кæныныл йæ заманы амынд скъолайы зæрдиагæй чи архайдта, Мэри ныр дæр æхсызгонæй æрымысы йæ уыцы раздæры ахуыргæнджытæ Кокайты Валентинæйы, Сханты Эммæйы, Гуыбыраты Таисия æмæ æндæрты. Уæвгæ, Мэрийæ фæстæмæ амынд скъола кастфæуæвæгæ æмæ дзы фæстæдæр ахуыргæнджытæй кусын райдайæг адæймæгты 'хсæн сты историйы, уырыссаг æвзаг æмæ райдайæн кълæсты ахуыргæнджытæ Мхциаты Маринæ, Гуæцæлты Аллæ æмæ Елойты Камиллæ.

Хъуппеты чызг 26-æм скъолайы ахуыргæнæгæй кусын цы бон райдыдта, уыцы бонæй фæстæмæ ахуыргæнæндоны, кæй зæгъын æй хъæуы, æрцыд бирæ ивддзинæдтæ, скъола цалдæр директоры баивта, фæлæ педагогон коллектив раздæрау архайы фæсивæдæн хæрзхъæд ахуырад раттыныл, царды раст фæндаг сын бацамоныныл, сæ зонындзинæдтæ сын фæфылдæр кæныныл.

26-æм скъолайы ветерантæй иу, англисаг æвзаджы ахуыргæнæг **Тыбылты Индианæ** зæгъы:

– Бирæ азты дæргъы Мэриимæ иу скъолайы кусын. Университеты ма куы ахуыр кодтон, уыцы заман ацы сылгоймагимæ базонгæ дæн. Куысты хæстæ æххæст кæнынмæ æвзыгъд, бирæвæрсыг зонындзинæдты хицау Мэрийы нымайын нæ республикæйы англисаг æвзаджы дæсныдæр ахуыргæнджытæй иуыл. Ацы педагог канд англисаг æвзаг нæ, фæлæ иннæ ахуырадон предметтæ дæр хорз хаты, куысты заман пайда кæны нырыккон технологитæй. Информатикæйы ахуыргæнджыты хуызæн компьютерæй пайда кæнынмæ æвзыгъд у, бахъуаджы заман æмгуыстгæнджытæн баххуыс кæнынмæ цæттæ вæййы. Ацы сылгоймаджы тыххæй бирæ хорз ныхæстæ ис зæгъæн, Мэрийы хуызæн дæсны ахуыргæнджытæ не скъолаты цæмæй бирæ уа, уый мæ фæнды.

Историйы ахуыргæнæг **Мхциаты Маринæ** амынд скъолайы кусы æстай дыккæгæм азæй нырмæ. Маринæ йе 'мгуыстгæнæджы тыххæй зæгъы:

– Ацы скъолайы ма куы ахуыр кодтон, уæдæй нырмæ зонын Мэрийы. Зонгæ уыдтæн йæ мадимæ – ацы ахуыргæнæндоны педагог Хъуппеты Раисæимæ дæр. Мæнмæ гæсгæ, Мэри ахуыргæнæджы курдиат æрдзæй рахаста. Ацы сæлгоймаг у канд фæлтæрдджын ахуыргæнæг нæ, фæлæ ма хорз ныййарæг дæр. Схъомыл кодта царды раст фæндаг равзарæг чызг Лаурæ æмæ лæппу Мараты. Мэри йæ цоты цæуыл сахуыр кодта, уыцы фæзминаг миниуджытæй хайджын кæны йе скъоладзауты дæр. Рæзгæ фæлтæр цæмæй кæрæдзи æмæ Райгуырæн бæстæ уарзой, стæй ирон æгъдæуттыл цæмæй æнувыд уой, парахат зонындзинæдты хицау, дæсны педагог уымæн ахъаз кæны.

Ацы уацхъуыды ныхас кæуыл цæуы, уыцы сылгоймагæй фæстæмæ, дзæвгар рæстæг амынд скъолайы бафæллой кæнгæйæ, рæзгæ фæлтæры зонындзинæдтæ фæфылдæр кæныныл цæстуарзонæй архайынц уырыссаг æвзаг æмæ математикæйы ахуыргæнджытæ **Светланæ Ажимова, Маринæ Пляскина, Сохиты Фатимæ** æмæ æндæртæ. Амынд ахуыргæнæндон амæй размæ каст чи фæци æмæ æнæлаз фæллойы фæрцы цардархайды алыхуызон къабæзты стыр æнтыстдзинæдтæ кæй къухы бафтыдысты, уыдоны 'хсæн сты бæстæйы Æдасдзинады советы бæрнон бынатахсæг, æфсады инæлар Цæлыккаты Руслан, 2008 азы Пекины ацæуæг Олимпиадæйы фехтованийæ чемпионкæ Санаты Аидæ, «Банк Москвы»-йы разамындмæ хауæг Дзгойты Валери æмæ Зауыр, стæй æндæртæ.

Æмæ ма ноджыдæр иу фиппаинаг: Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы аз нæ регионы скъолаты фарæстæм кълæстæ каст фесты 9305 лæппу æмæ чызджы, иуæндæсæм кълæстæ та – 3456 æрыгон адæймаджы. Ахуыргæнæндæттæ кастфæуæвæг фæсивæд, царды раст фæндæгтыл ныфсджынæй къахдзæфтæ кæнæнт!

Олег АПРЕЛЕВ

Хицауады уынаффæйæ

Тарифтæ фæзынаргъдæр сты

Цæгат Ирыстон ис, цæрæнуæтты-коммуналон лæггæдты тарифтæ тынг кæм фæзынаргъ уыдзысты, уыцы регионты 'хсæн. Уыцы иу рæстæг Уæрæсейы пъланы æгъдауæй цæрæнуæтты-коммуналон лæггæдты тарифтæ, ома хъармдæттыны, донæфсисады, донуадзыны, хъæбæр коммуналон æппарæццæгты фиддонтæ индексакцигонд æрцæудзысты 11,9 проценты онг 1 июлæй.

Хицауады уынаффæйæ, Мæскуыйы коммуналон лæггæдты тарифтæ фæфылдæр уыдзысты 15 проценты бæрц, æппæты бæрзонддæр тарифтæ рауадысты Архангельскы облæсты – 24,8 проценты, Мордовийы – 22,8 проценты, Челябинскы облæсты – 22,8 проценты. Дагестаны тарифты рæзт схиздзæн 22,3 проценты, Тæтæры – 22,3 проценты, Кемеровойы облæсты рауадысты – 21,9 проценты, Мæхъæлы – 21,4 проценты, Цæгат Ирыстоны – 21,2 проценты, Пермы крайы – 21,1 проценты, Алтайы – 17,7 проценты. Уыдæттæ загъд æрцыдысты хицауадон уынаффæйы.

Электрон тыхы тарифтæн индексаци пъланмæ гæсгæ рауайдзæн 12,6 проценты. Фарон цæрæнуæтты-коммуналон лæггæдты тарифты рæзт рауад 9,8 проценты, 2023 азы – 8,11 проценты. Арæзтады министрады куыд бамбарын кодтой, афтæмæй регионты тарифтæ баивыны хъуыддаг конд цыдис, Уæрæсейы Монополиты ныхмæ федералон службæ кæй бацæттæ кодта, уыцы кæронбæттæн индекс нымайгæйæ, регионты рагагъоммæйы хатдзæгтæ æмæ фæндæттæм æргом аздахгæйæ, ома, граждæнтæ фидыны индексæй куыд пайда кæндзысты, уымæ гæсгæ.

Уæрæсейы Энергетикæйы фæрæзты министрад зæрдыл лæууын кæны уый, æмæ 1 январæй кусынц электрон тыхы сæрмагонд тарифтæ, ома, киловатт/сахаты аргъ фæивдзæн, зæгъæм, суткæйы кæцы афон хардзгонд æрцыд кæнæ дзы цас спайда кодтой, уымæ гæсгæ. Электрон тыхы кæройнаг бæрæггæнæнтæ бæлвырдгонд æрцыдысты, граждæнты æппæт коммуналон-цардыуаджы хъуагдзинæдтæ æххæстæй сæхгæнынæн. Ахæм у экспертты хатдзæг.

Ведомстваты куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй фæлхасгæнджытæ 90 процентæй 98 проценты онг фыццаг къæпхæны сæ бынат ссардтой æмæ электрон тыхæн фидынц æппæты ныллæгдæр тарифæй. Уæрæсейы Монополиты ныхмæ федералон службæйы куыд бацамыдтой, афтæмæй, тарифты индексаци хъæуы цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады æнакъуылымпы куыстæн, фæлхасгæнджытæн лæггæдты хæрзхъæддзинадæн.

Ведомстваты куыд загътой, афтæмæй тарифтæ фидар кæнгæйæ, кæцыфæнды бархæлдтытæн дæр кæрон скæндзысты. Кæд æмæ квитанцийы тарифты æргътæ фысгæйæ, рæдыдтытæ уагъд æрцыд, уæд граждæнты бон уыдзæн Цæрæнуæтты паддзахадон инспекцимæ, Монополиты ныхмæ службæмæ хъаст бадæттын. Уæлбар лæггæдты хицæуттæн цæрæнуæтты лæггæдтæн фидгæйæ, æххуыс раздæрау лæвæрд цæудзæн.

ТАСС

Барад

Æнахъомты хъуыддæгты инспектор

Сывæллæтты хъысмæтимæ йæ цард чи сбаста, уыдонмæ хауы Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады æнахъомты хъуыддæгты инспектор СÆБАНТЫ Алинæ. Барадхъахъхъæнджытæм куыстмæ Алинæ æнæнхъæлæджы æрбацыд, скъолайы психологæй кусгæйæ, базонгæ æнахъомты хъуыддæгты инспекторимæ.

Уæд йæхицæн скарста, хъуамæ суон пъæлицæйы службæйы уæнг. Йæ дæсныйадмæ гæсгæ Сæбанты чызг дзуапп лæвæрдта бирæ домæнтæн. Бацыд барадхъахъхъæнæг оргæнтæм, æмæ дзы афæдз æмæ æрдæг куы бакуыста, уæд йæ разамонæг Гаянэ Петросова афтæ загъта: æнахъомты хъуыддæгты инспектор у хъомылгæнæг дæр, психолог дæр, педагог дæр. Сæбанты Алинæ уыцы æппæт миниуджытæй хайджын разынд.

Службæйы æппæт сусæгдзинæдтыл уайтагъд фæхæст, райста майоры цин. Сабитыл цы фыдбылызтæ æрцæуы, цы зынвадæтты бахауынц, уыдоны ахъосджын вæййынц ныййарджытæ, кæм ноздмæ æмхицæй, кæм – цотмæ æргом æппындæр нæ фездахынц. Сывæллæттæ уыдæттæ уайтагъд банкъарынц, рæзгæ кармæ бахизгæйæ, фыдракæндтæ кæнынмæ бавналынц. Сæбанты чызджы хъуыдымæ гæсгæ, ацы ран психологон ахуырад тынг ахсджиаг у.

Æрмæст зынвадæттæ æвзарæг, ноздмæ æмхиц бинонты 'хсæн нæ фæзынынц «уæззау» сывæллæттæ, уæд сæ фыруæрзтæй стыхсын кæнынц, уæд – æппæтмæ дæр сæ бон бавналын у, хорз æмæ æвзæр цы у, æмбæлы, не 'мбæлы, уыдæттæй никæй бафæрсдзысты сабитæ. Сæбанты Алинæ пъæлицæйы кусы 17 азы бæрц æмæ федта бирæ æнæрастдзинæдтæ, бинонты зындзинæдтæ, сывæллæтты конд фыдракæндтæ. Æппæт уыдæттæм хъæуы цæстдарын, бинонтимæ дзурын, мæнæ æндахы æлхынцъытæ куыд халай, афтæ.

Скъолатимæ архайдæн дæр йæ ахадындзинад æмбары инспектор, цы зындзинæдтæ сæвзæры, уыдон алыг кæнын бахъæуы иумæйаг тыхтæй, уæд – психологтимæ, уæд ахуыргæнджытимæ, уæд социалон кусджытимæ. Æнахъомты хъуыддæгты инспекторты куыст афтæ бæрæг нæ дары, фæлæ йæ ахадындзинад та бæрзонд у. Сæбанты Алинæйы бахъæуы сывæллоны царды бацархайын, зылын фæндагæй сæ раст фæндагмæ раздахын.

Тынг бирæ фембæлдтытæ скæны Алинæ скъоладзаутимæ, уæд сын лекцитæ бакæсы, уæд сын царды уæззау фæзындтыты тыххæй радзуры, фыдракæнд саразыны размæ сывæллоны бон у рæстаг адæймагимæ аныхас кæнын, закъоны сæрты хизæн кæй нæй, уый сын бамбарын кæны. Кæд æмæ фылдæр хатт зæрдæ фæриссы сывæллæтты хъысмæтыл, уæддæр Алинæ йæ равзæрст фæндагæй разы у. Йæхæдæг уыны, сабиты зондахаст куыд ивы, фыдуагæй раст уагмæ сабыргай куыд рахизынц, уыдæттæ.

Ныртæккæ Сæбанты Алинæ йæ цæст дары Алагиры цалдæр бинонтæ æмæ сывæллæттæм. Къæрцхъус у сæ алы ракæндмæ, кæд æмæ ныййарджытæ сæхи раст нæ дарынц, нæ сæттынц, уæд документтæ æмбырд кæнынмæ бавналы, цæмæй сæ ныййарджыты бартæй фæцух кæной. Уый вæййы æппæты фæстагдæр мадзал, уæдмæ уал семæ фæныхас кæны, алцыдæр сын бамбарын кæны... Алинæ алы сабийы дæр уыны адæймаджы сконд, бахъуаджы рæстæг кæй цур балæудзæн, кæмæ бадардзæн æххуысы къух, ахæмы.

ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,
Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор

Рохæн æвгъау нæмттæ

Абайты Уасойы цæстæнгас Секъамæ

(ГÆДИАТЫ Секъайы райгуырдыл æххæст кæны 160 азы)

«Уырны мæ фыццаг,
Æрцæудзæн рæстæг,
Нæ хъæлæсы дзаг
Ныззардзыстæм уæд...»

Секъа уыцы рæстæг нал æрæййæфта, фæмард 1915 азы трагикон æгъдауæй, 60-аздзыдæй, йæ тæккæ лæджы кармæ куы бахæццæ, уæд. Цыбыр рæстæджы Ирыл æрцыд дыууæ стыр æнамонддзинады. Уыдонæй иу уыдис 1906 азы, уæд йæ цардæй ахицæн Къоста. Иннæ уыдис 1915 азы, уæд та, æнæниз уæвгæйæ, Хъудмæ тагъдгæнгæйæ, Дзæуджыхъæуы Цæнгæт хидыл цæугæйæ, йæ адзал ссардта.

Ир тынг фæрыст йæ ахсджиаг хъæбулы фесæфтыл. Йæ ингæны уæлхъус, цæссыг калгæйæ, дзырдта Хъороты Дауыт:

«Номы куыст фæкодтай
æххыл,
Фæсыгътай Хуыцауæн дæ буд,
Фæкуыстай æдуæрдон бæхыл,
Афтæмæй куы систай дæ уд».

Секъа сæрмагонд бынат ахсы нæ литературæйы. Мæгуыр æнахуыр лæг, Ганисы гæмæх къуылдымтыл авд сывæллоны чи хъомыл кодта (Заликъо, Цомахъ, Адодта, Къоли, Петкæ, Верæ, Афони), уыимæ, аргъуан æмæ зæххы куыстыл йæ уд чи хъардта, стæй уæд, рухсдзинады къуымтæм лæгæрдгæ чи кодта, æппæт уыдæттæ хуымæтæг лæджы бон бакæнын нæ уыд. Фæлæ уый царды зындзинæдтæн сæттын нæ бакуымдта, афтæмæй, бæлвырддæр дзургæйæ, фæмард 60-аздзыдæй.

Нæ литературæйы историйы бирæ зиууæттæ ис, алкæмæн дæр дзы ис йæхи царды фæндæгтæ. Ис, фæлæ Секъа уыдонæй бирæ цæмæйдæрты хицæн кæны. Уыдис рæстæг, цалынмæ дзæнæтон Уасо цард æмæ кусынхъом уыд, уæдмæ йæ хъус тынг дардта Ирыстоны дыууæрдыгæй фарс культурон тыгъдады фæзындтытæм. Мамсыраты Темырболатæй абоны фысджыты онг Уасойы 'рдыгæй æнæхъуздард ничи уыд.

Уасо сæрыстыр уыд Къостайæ, хуыдта йæ Ирыстоны хур. Абайыфырт иу рæстæджы фæкомкоммæ Секъамæ æмæ йæхицæн сагъæсгæнгæйæ зæгъы: «Ирон нывæфтыд литературæйы райсомы арвыл алы хатт дæр æрттивынц дыууæ егъау номы: зынгæ поэт Хетæгкаты Къоста æмæ ирон прозайы бындурæвæрæг Гæдиаты Секъа. Къостайыл бирæ загъд, бирæ фыст æрцыд. Уый хорз хъуыддаг у, хъыгагæн, Секъайыл нырма бынтон цъус».

– «но проезде всего исключительная личность».

Уасо зæгъы: «Хъæбатырдзинады кой нæм куы æрхауы, уæд нæ цæстытыл ауайы хæст æмæ хæцæнгæрзты гæрæхтæ. Фыссæджы æрвылбоны куысты хъæбатырдзинæдтæ ис, æмæ ахæм адæймаг та у Секъа». Тынг дис кодта Уасо йæ уацмысты адæмондзинадыл. Фæрсы Уасо: «В чем заключается народность писателя?», æмæ йын дзуапп дæр дæтты: «В естественном, гармоническом сочетании народного содержания с народной формой».

Фыссæджы сфæлдыстады адæмондзинад ноджы бæлвырддæрæй зæгъы Уасо йæ куысты: «Народность Секъа - естественное, органическое, стихийное выражение его личности, его душевного склада, его жизненной судьбы. Его творчество народно потому, что он родился, работал, жил в народе, вместе с народом, для народа. Поэтому творчество Секъа фольклорно в самом полном и глубоком значении этого слова».

Уасо бæстон æрдардта йæ хъус Секъайы уацмысты фæлгонцтæм, сæ удты хорз миниуджытæм. Зæгъы уыйдæр, зæгъгæ, кæд сæ хъысмæт фылдæр трагикон вæййы, уæддæр уый махæн ныфс сæттыны хос нæу, уый нæ æфтауы царды рæстдзинадыл, тохы фæндагыл. Уыдон уымæн уарзон фæлгонцтæ сты. Диссагæн дзурæгау ам Уасо ракодта Тлаттаты Чермен æмæ Хъуды Цыппуйы кой. Адæм сыл цы зарджытæ скодтой, уыдон тынг фæцыдысты Секъайы зæрдæмæ, æмæ сыл ахæм диссаджы куыст бакодта, зæгъы Уасо, æмæ адæм сæхи варианттыл сæ къух систой æмæ райдыдтой зарын Секъайы текстгæ.

Уасо бынтон лæмбынæг ныхъхъуыды кодта йæ саразгæ сылгоймаг фæлгонцтыл. Йæ хъуыды ахæм у: æрыгон фæлтæр уарзондзинады фæндагыл куы слæууой, уæд сæ уарзондзинад хъуамæ афтæ сыгъдæг æмæ фидар уа, куыд Секъайы саразгæ фæлтæры уарзондзинад.

Секъайы фæлгонцты тыххæй Уасо афтæ зæгъы: «Созданная им галерея женских образов – Азау, Айсса. Залда, Гуырдзыхан, Тамар, Марине, Дыса, Манидза, Сафиат – лучший памятник женщине-горянке». Цæмæн, цæй тыххæй, уый дæр зæгъы Абайы-фырт: «Одновременно целомудренные и страстные, застенчивые и смелые, сохраняющие в любых испытаниях человеческое достоинство, душевную красоту и гуманность – они внушают глубокую симпатию».

Ацы зæрдæбын ныхæстæ фæкодта Уасо 1965 азы, Секъайы амæлæн боныл 50 азы куы сæххæст, уæд, Абайыфырт уæд ахаста йæ цæст Къостайы юбилейон бонтыл, уæд рахатыд бæстон, Секъа нæ адæмæй рохуаты кæй аззад, кæй ферох йæ уæлмæрд, базилыны охыл æм «Мещанты уæлмæрд»-ы йæ къух дæр кæй ничи кæны.

Абайы-фырт уæд диссаджы фæндæттæ бахаста: Ганисы цы къæдзæх-хæдзары цард, уый хъуамæ суа Секъайы музей, хъæуы базилын йæ уæлмæрдмæ, сæвæрын дзы хъæуы бюст, кæннод та йын йæ мæрдон стджытæ рахæссын хъæуы Иры аргъуаны кæртмæ, Къоста кæм ныгæд ис, уырдæм.

Домдта Уасо уый дæр, цæмæй Секъайы номыл уа уынг, скъола, культурон артдзæст Ирыстоны горæттæй искæцыйы. Уыдæттæ баззадысты ныхæстæй, æгæр стæмæй, уыцы «Мещанты уæлмæрд» хафт æрцыд. Фесæфт Секъайы уæлмæрд. Уæддæр Хуыцау хорз у, цалдæр азы размæ Дзæуджыхъæуы аргъуантæй иуы раз Секъайæн æвæрд æрцыд номарæн цырт, йæ цæрæнбонты æнувыдæй диакъоны куыст кæй фæкодта, уый тыххæй.

Ралæууыдысты та Секъайы бонтæ. Ныр та йæ райгуырдыл æххæст кæны 160 азы. Нæу рох ацы аз Цæгат Ирæй. Куыд хъусын кæнынц, афтæмæй йæ ном хъуамæ сæнусон кæной цырт, уынг æмæ скъолайæ. Зонды къуыбар уыд Секъа. Ирон лæджы хорз миниуджытæй алкæцыйæ дæр хайджын уыд. Йæхи лæггæдтæ Ирыстонæн кæуылты сты.

Хуссар Иры дæр йæ номыл истытæ аразын хъæуы. Уыдис рæстæг: Хъуды æмæ йæ алыварс хъæутæ æмæ кæмттæ дæр, уыдонимæ – Тырсыгом дæр Хуссар Ирмæ хаудтой. Ænæхъуаджы нæ фыста Цомахъ: «Секъа райгуырдис Хуссар Ирыстоны, бæлвырддæр зæгъгæйæ та Хъуды комы, кæнæ Арагуыйы комы». Секъа царды фыдæбон йеддæмæ ницы федта. Буц уыд йæ царды йæ зæнæгæй, фырбуцæниу дзырдта: «Зæнæгæй – æфсæст». Мæнæй ма – æхсæз фырты æмæ иу чызг.

Секъа йæхæдæг иунæг уыд йæ фыд Куыцыри æмæ йæ мад Битъырты Естъайы чызг Марияйæн. Хъуд æмæ йæ алыварс кæмтты зындгонд уыд Куыцыри; йæ зонд, йæ лæджыхъæд, йæ куырыхондзинадæй. Ахуыры тых

Ганисы хъæуы Секъайы хæдзар

1965 азы, газет «Советская Осетия»-йы №26-27 номырты мыхуыр æрцыд Абайты Уасойы уац «Ныхас Гæдиаты Секъайыл». Йæ ныхасы райдианы зæгъы: «Диссаджы хæдахуыр фыссæг Гæдиаты Секъа». Уасо йæ куысты бæстон дзуры йæ цард æмæ уавæртыл, йе сфæлдыстадон фæндагыл. Арæх ракæны Цомахъы кой дæр. Цæвиттон, Цомахъы хуызæн йæ рæстæджы Секъайыл бæстон æмæ куырыхон ныхас никæмæн уыд.

Уый скъолайы кæй никуы ахуыр кодта, уый бæлвырд у, йæхицæн та бирæ кæй куыста, уый фæнысан кодта Цомахъ, зæгъы йæ Уасо дæр, йе сфæлдыстадон бынтыл йæ цæст куы ахаста, уæд: «Внимательное изучение рукописи Сека Гадиева не оставляет сомнения в том, что автор очень много времени уделял занятиям литературной. Он усердно собирал народные предания, другие фольклорные произведения, подвергал их тщательной и умелой литературной обработке».

Дисгæнгæ фыссы Уасо уый дæр, зæгъгæ, Секъайæн нæ бафтыд йæ къухы ахуырдзинад райсын, фæлæ йын уый хыгъд æрдз ратта стыр куырыхон зонд, æвæллайгæ хъару, царды фæлтæрддзинад. Бæстон зыдта хуымæтæг адæмы мидæггаг цард, æгъдæуттæ, æмæ нын уый фадат дæтты кæддæриддæр йæ диссаджы сурæтмæ бакæсынæн.

«Алы ирон дæр хæсджын у, цæмæй йæ сæр æркъул кæна, йæ ном дзургæйæ», – зæгъы Уасо. Адæмон æмдзæвгæтæ аразæг кæй уыд, адæмон радзырдтæ æмæ уацаутæ сфæлдисæг, ирон прозайы бындурæвæрæг, уый – иу хъуыддаг, – зæгъы Уасо...

Ирон академион театры 90 азы бонмæ

Туменаты Еленæйы номарæн изæр

Ацы аз Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театр бæрæг кæны йæ 90 азы юбилей. Уыцы фарны артдзæсты азфысты йæ ном ирд æмæ зæрдылдарынæн кæмæн баззад, уыцы номдзыд актрисæтæй иу у Уæрæсейы Федерацийы адæмон артисткæ ТУМЕНАТЫ Еленæ.



Национ наукон библиотекæ æмæ Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы кусджыты хъæппæрисæй библиотекæйы уæрæх залы уыд Туменаты Еленæйы номарæн изæр. Архайдтой дзы Фыскджыты æмæ Театралон архайджыты цæдисты минæвæрттæ, Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион æмæ Дыгурон паддзахадон театрты артисттæ, библиотекæты кусджытæ, Туменаты Еленæйы хиуæттæ æмæ хæстæджытæ, аивадуарзджытæ.

Зындгонд актрисæйы цард æмæ сцениконкурдиаты бирæвæрсыгдзинад, цæстуарзон хистæр æмæ уæздан сылгоймаджы тыххæй мысæн изæры райдайæны лæмбынæг радзырдта Национ наукон библиотекæйы хайады методист **Хъараты Ритæ**. Цæмæй йæ нымас уырнинагдæр уа, уый тыххæй залы уæрæх экраныл æвдыстой Еленæйы цард æмæ хъæздыг сфæлдыстадон сценикон архайдимæ баст къамтæ æмæ телеравдыстытæй скъуыддзæгтæ.

Сæ уарзон хистæр æмæ сфæлдыстадон цæдисон æмбалы тыххæй номарæн изæры сæ зæрдæмæхъаргæ мысинæгтæ радзырдтой Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артисткæ **Мелыкаты Замирæт**, РЦИ-Аланийы адæмон артисттæ **Брытъиаты Риммæ** æмæ **Хадаты Альберт**, нæ республикæйы сгуыхт дохтыр, зындгонд кафæг **Карсанаты Тамарæ**, Туменаты Еленæйы чызг **Магкæты Фаризæ** æмæ филологон наукæты кандидат **Тменаты Дзерассæ.**

Мысæн изæры сæ аивадон курдиат равдыстой Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы ирон адæмон инструментты оркестр «Ирыстон»-ы аивадон разамонæг æмæ дирижер, нæ республикæ æмæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист **Ходы Олег** æмæ ацы аивадон къорды музыкант, фæндырдзæгъдæг **Георгий Степанов**.

Сæрмагондæй номдзыд актрисæ Туменаты Еленæйы номарæн изæрмæ Национ наукон библиотекæйы кусджытæ бацæттæ кодтой йæ царды æмæ бирæвæрсыг сценикон курдиатыл дзурæг къамтæ æмæ республикон газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Северная Осетия»-йы мыхуыргонд æрмæджыты мидисджын равдыст.

ГАСАНТЫ Валери,
Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы хистæр зонадон кусæг

Ивгъуыд царды нывтæ

Сардо

Мæ мадыхо Зæлийæн йæ лæг хæстæй нал ссыдис. Баззадис сын лæппу, цардысты Хъæдгæроны. Зæлиу махмæ, Брутмæ, арæх æрбацыд. Сардо уæд Бруты колхозы куыста бригадирæй. Йæ бинойнагимæ сын рацыд хорз цот. Сардойæн йæ ус цыдæр низæй фæрынчын æмæ амард. Лæг йæ усыл бирæ фæхъыг кодта. Цалдæр азы фæстæ йæм мыггаг æрхатыдысты, сывæллæттæ тæригъæд сты, исты хъуыддаг бакæн, зæгъгæ.

Уыцы рæстæг уыд ахæм æгъдау, колхозы бригадиртæ зылдысты уынгты, колхозонты хуыдтой бындырмæ кусынмæ. Сардоиу мах дуар æрбахоста, æмæ-иу ын мæ мад уæд афтæ: «Сардо, махмæ цæмæн хойыс, мах дæ бригадæй куы не стæм, уæд?» Æмæ-иу уæд уый афтæ: «Сымахмæ мын бацамыдтой иу дзæбæх кусаг сылгоймаг æмæ йæ куы фенин». Афтæмæй Сардо базонгæ ис Зæлиимæ. Цасдæр рæстæджы фæстæ Зæли бахызтис йæ ног бинонты къæсæрæй. Сардойæн уыд хорз хæдзар, уыдис æм стуртæ, къамбецтæ, фыстæ, алыхуызон маргъ. Уыд кусаг, амалхъом адæймаг. Æрмæст хæдзары æфсин нæ фаг кодта, æмæ дзы уый дæр фæзынд.

Мæныл авд азы куы цыдис, уæд мæ фыд амард, æмæ нæ мад æхсæз сывæллонимæ иунæгæй фыдтухæнтæ кодта. Æз-иу скъолайæ куы рацыдтæн, уæд нæхимæ нæ цыдтæн, фæлæ – мæ мадыхомæ. Сæ кæрты къæбицы дуарыл-иу банцой кодтон, афтæмæй-иу лæууыдтæн. Зæли мæ-иу куы федта, уæд-иу афтæ: «Цы хабар у! Цæмæ та схæццæ дæ? Æххормаг та дæ?» Æз-иу мæ сæр бынмæ æруагътон æмæ-иу лæмæгъ хъæлæсæй сдзырдтон: «О, сæххормаг дæн». Уый-иу мын хъæдын къусы хуырх ныккодта, кæрдзыны карст стъолыл æрæвæрдта æмæ-иу афтæ: «Хæргæ кæн, æцæг мидæмæ ма бацу, кæннод дæ сыстытæ хæдзары ахилдзысты». Афтæмæй-иу ацыд. Æз Зæлийæ дæн бузныг, мæ æххормаг гуыбын мын кæй æфсæста, уымæй.

Нæ бинонтæ бауынаффæ кодтой хъæуы хæдзар ауæй кæнын æмæ горæтмæ ралидзын. Скъолайы каникултæ куы райдыдтой, уæд ралыгъдыстæм горæтмæ. Уыцы рæстæг Зæли йæ лæджы хæстæджытимæ нæ фидыдта, се 'хсæн-иу арæх рауад хъæлæба. Уый мæ мадæн ныллæгъстæ кодта, цæмæй уыдоны дæр немæ аласæм. Мæ мад сын фæтæригъæд кодта. Æхца сæм нæ уыд, хæдзар æлхæнынмæ, Сардомæ цы уыд уыдон хъæуы ныуагъта йæ цотæн. Мæ мад сын хæдзарæй иу уат ратта æмæ уым фæцардысты къорд азы, цалынмæ мах зæххыл сæхицæн хæдзар арæзтой, уæдмæ. Сардо зымæгон дæргъвæтин изæрты махæн дзырдта аргъæуттæ, диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ. Мах æм тынг зæрдиагæй хъуыстам, уыдис дзыхарæхст, æмæ цы дзырдта, уый уыдис дисаг, афтæмæй-иу аргъау дзургæйæ, фæхъус. Мах-иу æй куы бафарстам, цæуылнæ дзурыс дарддæр, зæгъгæ, уæд-иу загъта: «Мæ хъуыр ныххус». Æз-иу æнæ мæ мады бафæрсгæйæ, алюмин кружкæ арахъхъæй айдзаг кодтон æмæ-иу æй Сардомæ балæвæрдтон. Уый-иу дзы куы анызта, уæд-иу дарддæр дзырдта.

Куыд дзырдтон, афтæмæй Сардо уыд кусаг лæг, къæсхуыртæарæзт, йæхи ныхæстæм гæсгæ уыд цалдæр хæсты архайæг. Улæфæн бонты йæ сæрыл дардта бæрзонд бухархуд, урс китель «сталинкæ», галифе хæлаф, ирон рон æвзæгтимæ, хром цырыхъхъытæ рантимæ... Уыдис-иу булкъдаст. Дардта фындзы бын гыццыл рихиты гуппар, рихиты фасон хуындис «Адольф».

Иу рæстæджы ацыдыстæм чындзхæссæг, Сардо уыд чындзхæсджыты хистæр. Чындзхæсджытæ куы ныххæццæ сты чызджы хæдзармæ, уæд сæ размæ ничи рацыд. Цы хабар у, зæгъгæ, куы зындис былты счъилæй, тынг мæсты куы кодта, уæд.

Уалынмæ лæппуйы хæдзарæй чидæр æрхæццæ ис, хистæртæ йæ рарвыстой хабар базонæг. Сардо йын загъта, райсоммæ кæй баззадыстæм, уый. Æхсæвиуат бакодтам сыхæгтæм. Райсомæй раджы Сардо сыхæгты хистæртæ æмæ чызджы мыггагимæ «хъæбæрæй» æрныхас кодта, уыйфæстæ нæ хабæрттæ цыдысты, куыд æмбæлы, афтæ. Дыккаг бон чындзы сræвдз кодтой, скодтой йын йæ чындздзон дарæс, афтæмæй чындзхæсджытæ фæндырдзагъд æмæ кафгæйæ бацыдысты лæппуйы хæдзармæ. Скодтой, ирон æгъдаумæ гæсгæ куыд æмбæлд, афтæ æгъдæуттæ се 'ппæт дæр. Æз та ныр дæр фæхъуыды кæнын, Сардойы бæсты æндæр адæймаг куы уыдаид, ууыл. Мæхи дæр авæрын уый бынаты. Бирæтæ раздæхтаиккой, нæ йæ дæттынц, зæгъгæ. Уыцы дыууæ кæстæры фæцардысты зæронды бонмæ иумæ, хорз цот схъомыл кодтой.

Иу хабар ма радзурдзынæн Сардойы тыххæй. Уый куыста хъæды хæдзарады бæхтыл æмæ уырдыгæй суг амал кодта. Иу хуыцаубоны нын Сардо загъта, уæрдоны сугтæ самайут æмæ «Курский» базармæ ацæуут, йæхæдæг йæхи сарæзта æмæ фистæгæй ацыд уырдæм. Мах сугты сæр сбадтыстæм, дыууæ бæхыл ахъæр кодтам æмæ тагъд рæстæджы базары кæртмæ бацыдыстæм. Суг æлхæнæг бирæ уыд, æмæ нын Сардо загъта, цæмæй аргъ дæлæмæ ма уадзæм, йæхæдæг иуварс лæууыд. Ауæй кодтам суг иу лæгæн. Сардо уыцы лæгмæ йæхи хæстæг æрбайста æмæ йын афтæ: «Пацанам деньги не давай, я хозяин!».

Райста æхца æмæ нын афтæ: «Ацæут ацы лæгимæ æмæ равдæлон кæнут уæрдон, мæнæ уын сæлдæгæн æхца». Уыцы рæстæг кæцæйдæр фæзынд давæг, уый Сардойы къухтæм æхцамæ фæлæбурдта æмæ уæртæ фæлидзы. Базары бирæ адæм уыд, æмæ уыдонæй давæг хорз нал зындис. Сардо кæцæй фелвæста дур, нæ зонын, фæлæ дур давæгæн йæ тæккæ къæбутыл суадис. Уый ахаудта размæ, æмæ йæ дзыхæй туг ракалд. Уайтагъд милицæ сæ уæлхъус алæууыд. Дыууæйы дæр акодтой милицæмæ. Изæры 'рдæм Сардо кæдзармæ фæзынд, давæг та баззад уым. Куыд рабæрæг, афтæмæй уыцы къæрных рецидивисты милицæ рагæй агуырдта. Уыцы рæстæг Сардойыл 60 азæй фылдæр цыд, куыд сарæхстис æмæ куыд акъуырдта уыйбæрц адæмы 'хсæн давæджы, уый у диссаг.

ГУГКАТЫ Ирбег,
Дзæуджыхъæу

Спортивон фидиуæг

Дзюдо

Тыхæй уæлдай ма – зонындзинæдтæ

Ахуыргæнæг цас æрхъуыдыджындæр æмæ дардмæ уынаг уа, уыйас æнувыддæрæй фæкусынц сæхиуыл йæ хъомылгæнинæгтæ дæр. Сывæллонæн ахæм зондамонæг ахуыргæнæг куы уа, уæд ныййарджытæн уый вæййы Хуыцауы лæварау.

Сывæллæттимæ ахæм лæмбынæг куыст чи кæны, уыцы тренертæ æмæ ахуыргæнджытæ сты арфæйы аккаг хæрзгæнджытæ.

Æрæджы ахуыргæнджыты ахæм бирæвæрсыг æмæ æрхъуыдыджын куыстæн æвдисæн уыдысты, Дзæуджыхъæуы Полиграфийы технологион колледжы спортивон залы цы мадзал цыди, уый фенынмæ цы ныййарджытæ, ахуыргæндтæ, æхсæнадон кусджытæ, зындгонд аивад æмæ спорты кусджытæ æрбацыдысты, уыдон.

Уыцы бон спортивон клуб «Ос-Бæгъатыр»-ы нæ республикæйы Дзюдойы федераци аттестаци кодта æвзонг дзюдоисты бур æмæ бурбын сырх рæттæй.

Тренер Персаты Чермены разамындæй æвзонг дзюдоисттæ æвдыстой, абоны онг сæ цæуыл ахуыр кодтой, уыцы дзюдойы исæнтæ. Уымæй уæлдай, сæ дæсныйад æвдыстой кафынæй, музыкалон инструменттæй цæгъдынæй, æмдзæвгæтæ дзурынæй, зарынæй. Ацы хъуыддаджы семæ куыстой ахуыргæнджытæ. Цымыдисаг рауад аттестацигæнæн мадзал райдайæнæй кæронмæ. Æхсызгон уыди фенын, дзюдоисттæ, сæ уæлæдарæс кимонотæ, афтæмæй, Ирыстоны адæмон артист Плиты Нодары разамындæй, «Симд» куы кафыдысты, уый. Иу ныхасæй, мадзал рауад рæсугъд бæрæгбонау. Сæйрагдæр та уыди, сывæллæттæ цы цæттæдзинад равдыстой, уый.

Æвзонг дзюдоисттимæ ахæм хуызы кусыны амидингæнджытæй иу у нæ зындгонд дзюдоист, спорты сгуыхт мастер Тменаты Тамерлан. Уый абон у Дзæуджыхъæуы Дзюдойы сæрмагонд скъолайы директор æмæ, кæстæртимæ куыст куыд цæуы, уый тыххæй зæгъы: «Мах рæзгæ фæлтæр цæттæ кæнæм канд татамийыл дæсны хæцынмæ нæ, фæлæ царды æндæр дæсныйæдтыл дæр æнувыд уæвыныл. Хъуамæ нæ хъомылгæнинæгтæ, дзюдойæ уæлдай, ахуыр кæной æвзæгтæ, зоной математикæ, æмхиц уой музыкæ æмæ æндæр аивæдтæм. Ацы хъуыддаджы нæ фарсмæ æрбалæууыдысты ахуыргæнджытæ дæр. Сæ иу у ацы колледжы директор Саситы Леонид. Мах бузныг зæгъæм, абон нæм цы кадджын уазджытæ æрбацыд, уыдонæн. Нæ кæстæртæн уыдоны æрбацыд у спорт æмæ зонындзинæдтæм тырныны хос».

Кæстæртимæ ахæм лæмбынæг куыст цæудзæн, æрæджы парти «Иугонд Уæрæсе»-йы фæндонæй цы ног партион проект «Тыхджынты равзæрст» арæзт æрцыд, уый фæлгæты.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Цымыдисаг хабæрттæ ирæтты тыххæй

Лæджыхъæдджын сылгоймаг

Ирон адæм кæддæриддæр буц æмæ сæрыстыр уыдысты сæ сылгоймæгтæй, уымæн æмæ сын сæ фарныл фарн æфтыдтой, сæ кадыл – кад. Хуымæтæджы се 'взаг дæр мадæлон нæ рахуыдтой. Мадæн аргъ нæй, нацийы фидæн уымæй аразгæ у. Æмæ йын, чи куыд аргъ кæны, уымæ гæсгæ базонæн ис, адæмыхатт дунейы рæзты цæвæр къæпхæнмæ схызт, уый.

Зондджын, æгъдауджын æмæ зæрдæджын сылгоймагæй-иу нæ фыдæлтæ афтæ дзырдтой: «Уый лæджыхъæдджын сылгоймаг у» æмæ йæ фарстой Ныхасы, тæрхоны. Йæхицæй хистæр нæлгоймæгтæй дæр-иу йæ разы йæхи бандоныл ничи 'руагъта. Лæугæйæ йыл æмбæлдысты, лæугæйæ йæ фæндараст кодтой. Уæвгæ, ирон нæлгоймаг сылгоймаджы раз йæхи æнæуагæй никуы æвдыста, йæ разæй бандоныл нæ бадт, йæ цуры бандоныл йæхи уæгъдибарæй нæ ауагътаид, уæлдай, æнæзæрдæмæдзæугæ ныхас не скодтаид.

Ирон сылгоймагæн йæ фарн бирæ у. Нарты Сатанайы фарн ыл æфтыд у.

Ацы нывы сымах уынут БÆДТИАТЫ Гадзийы. Нывгæнæг ТУГЪАНТЫ Махарбег æй скодта, хæстон уынаффæдонмæ цæугæйæ

Кадæджы Зæрисæры чызджы чызгæфсады сгуыхт, историон Томирисы æфсады хæстон намыс æй бæрзонд æвæры. Задæлесчы Нана æмæ Гокъонаты Киабæ дæр уыдонау зæрдæджын æмæ лæджыхъæдджын уыдысты. Лæгдзинад равдыстой, æмæ сæ нæ рох кæнæм. Лæджы æмсæр, лæджыхъæдджын уыд Бæдтиаты Гадзи дæр.

Йæ кадджын ном баззад Ирыстоны фæлтæртæн зонд базонынæн, фæзминагæн, сæрыстырдзинадæн. Уый разагъды лæгты æмрæнхъ тыхст Ирыстоныл, ирон адæмыл æмæ, йæ зонд, йæ ныфс, йæ зæрдæ цæйбæрц карстой, уый бæрц æххуыс сын уыд. Фарст цыд стыр уынаффæты, хæстон хабæртты. Йæ ныхас ахадыдта хъуыддаджы. Адæмæн уыд уарзон, ныфс. Зæгъынц, фæцард, дам, 200 азы. Уал азы лæггад кодта ирон адæмæн.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).

Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот. Тел.: 8-928-928-88-24.

ТЕРРИТОРИАЛЬНОЕ УПРАВЛЕНИЕ ФЕДЕРАЛЬНОГО АГЕНТСТВА ПО УПРАВЛЕНИЮ ГОСУДАРСТВЕННЫМ ИМУЩЕСТВОМ В РСО-АЛАНИЯ (ДАЛЕЕ – ОРГАНИЗАТОР ТОРГОВ) СООБЩАЕТ: о проведении торгов по реализации арестованного УФССП по РСО-Алания имущества, принадлежащего должнику:

1. Имущество Лебедева А.В., расположенное по адресу: РСО-Алания, Пригородный район, с. Гизель, линия 5, участок 114.

Лот № 1 – жилое здание КН 15:08:0220125:421, общей площадью 92,2 кв.м., земельный участок КН 15:08:0220125:200, общей площадью 1000 кв.м. Начальная цена лота – 2 070 600 руб. Задаток – 103 530 руб. Шаг аукциона – 21 000 руб.

2. Имущество Зайцевой И.Д., расположенное по адресу: РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Леонова, 1, корп. 2, кв. 81.

Лот № 2 – жилое помещение КН 15:09:0040103:824, общей площадью 49,3 кв.м. Начальная цена лота – 2 487 296,7 руб. Задаток – 124 000 руб. Шаг аукциона – 25 000 руб.

3. Имущество Уртаева Ю.Д., расположенное по адресу: РСО-Алания, г. Владикавказ, проспект Коста, 12.

Лот № 3 – земельный участок КН 15:09:0032701:282, общей площадью 480 кв.м. Начальная цена лота – 1 000 000 руб. Задаток – 50 000 руб. Шаг аукциона – 50 000 руб.

4. Имущество Битиевой Э.Т., расположенное по адресу: РСО-Алания, г. Владикавказ, п. Попов Хутор, ул. Поляничко, 41, СНО «ИР» участок № 1386.

Лот № 4 – земельный участок КН 15:09:0033201:763, общей площадью 480 кв.м. Начальная цена лота – 386 550 руб. Задаток – 19 000 руб. Шаг аукциона – 4 000 руб.

5. Имущество Кочиева С.А., расположенное по адресу: РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Шамиля Джикаева, 7, кв. 101.

Лот № 5 – жилое помещение КН 15:09:0302002:574, общей площадью 103,3кв.м. Начальная цена лота – 3 846 726,4 руб. Задаток – 192 000 руб. Шаг аукциона – 39 000 руб.

Торги проводятся в форме аукциона (открытого по составу участников и открытого по форме подачи предложения о цене) в электронной форме на электронной площадке «РТС-Тендер», находящейся в сети интернет по адресу https://www.rts-tender.ru.

Аукцион состоится 18 июля 2025 г. в 10.00 час. по московскому времени. Заявки принимаются с 3 июля 2025 г. по 16 июля 2025 г.

К участию в аукционе допускаются юридические и физические лица, представившие в оговоренный в информационном сообщении срок, оформленные надлежащим образом документы. Заявки подаются заявителем по форме, утверждаемой продавцом (форма заявки размещена на сайтах: Росимущества в сети «Интернет» www.rosim.ru, официальном сайте Российской Федерации в сети «Интернет» www.torgi.gov.ru, на сайте электронной площадки https://www.rts-tender.ru). В состав заявки входят следующие документы: 1. платежный документ с отметкой банка об исполнении, подтверждающий внесение заявителем задатка в счет обеспечения оплаты приобретения имущества. (задаток вносится на счет «РТС-Тендер»); 2. заявка, образец размещен на сайтах www.rosim.ru, www.torgi.gov.ru, https://www.rts-tender.ru, описи, исправления, помарки, зачеркнутые слова не допускаются; 3. доверенность на лицо, имеющее право действовать от имени заявителя, если заявка подается представителем заявителя, оформленная в установленном порядке, или нотариально заверенная копия такой доверенности (в случае, если доверенность на осуществление действий от имени заявителя подписана лицом, уполномоченным руководителем юридического лица, заявка должна содержать также документ, подтверждающий полномочия этого лица); 4. - для юридических лиц: полученная не ранее чем за шесть месяцев до даты размещения на официальном сайте торгов извещения о проведении аукциона выписка из единого государственного реестра юридических лиц или нотариально заверенная копия такой выписки; заверенные копии учредительных документов заявителя; письменное решение соответствующего органа управления заявителя, разрешающее приобретение имущества, если это необходимо в соответствии учредительными документами; документ, подтверждающий полномочия лица на осуществление действий от имени заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме); - для индивидуальных предпринимателей: полученная не ранее чем за шесть месяцев до даты размещения на официальном сайте торгов извещения о проведении аукциона выписка из единого государственного реестра индивидуальных предпринимателей; копия паспорта заявителя (все листы); нотариально заверенная доверенность на лицо, уполномоченное действовать от имени заявителя в случае подачи заявки представителем заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме); - для физических лиц: копия паспорта заявителя (все листы); нотариально заверенная доверенность представителя физического лица в случае подачи заявки представителем заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме); - для иностранных граждан и иностранных юридических лиц: заявка на участие в торгах по установленной форме; надлежащим образом заверенный перевод на русский язык документов о государственной регистрации юридического лица или физического лица в качестве индивидуального предпринимателя в соответствии с законодательством соответствующего государства и документов, удостоверяющих личность физического лица; нотариально заверенная доверенность представителя физического лица в случае подачи заявки представителем заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме). Иностранные физические и юридические лица допускаются к участию в торгах с соблюдением законодательства Российской Федерации. Одно лицо имеет право подать только одну заявку. Заявка представляет собой полный комплект документов, представляемых заявителем для участия в аукционе. Заявка и все документы, связанные с этой заявкой, должны составляться на русском языке. Заявитель направляет заявку с приложенными документами в установленный срок в форме скан-образов документов через электронную площадку. Документы, подаваемые юридическим лицом, направляются в виде скан-образов документов, подписанных уполномоченным лицом и печатью организации. Подача заявки осуществляется через электронную площадку в соответствии с регламентом электронной торговой площадки, размещенным на сайте https://lot-online.ru, в подразделе «Документы «РТС-Тендер» для проведения имущественных торгов» раздела «Имущество», иными нормативными документами электронной площадки. Участие в торгах производится в соответствии с тарифами, установленными нормативными документами электронной площадки и размещенными на сайте https://lot-online.ru, в разделе «Тарифы». Декларация о соответствии претендента требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ изготавливается в простой письменной форме, из содержания должно следовать заявление о соответствии претендента требованиям указанной нормы. Претендент не допускается к участию в аукционе, если: — претендент не может быть покупателем в соответствии с законодательством Российской Федерации; — представленные документы оформлены с нарушением требований законодательства Российской Федерации и порядка, установленного в настоящем информационном сообщении; — не подтверждено поступление в установленный срок задатка; - в иных случаях, установленных действующим законодательством. Победителем аукциона признается участник, предложивший наиболее высокую цену за продаваемое имущество. Протокол о результатах торгов, имеющий силу договора, подписывается с победителем торгов не ранее чем через 10 дней со дня их проведения. Оплата приобретаемого имущества производится в течение 5 рабочих дней с даты подписания протокола о результатах торгов. При отказе от подписания протокола о результатах торгов и не внесении денежных средств в счет оплаты приобретенного имущества, задаток победителю торгов не возвращается. Право собственности на имущество переходит к покупателю в порядке, установленном законодательством Российской Федерации. Право собственности на приобретенное имущество оформляется покупателем самостоятельно и за собственный счет. Торги, в которых принял участие только один участник, признаются несостоявшимися. Организатор торгов оставляет за собой право снять выставленное имущество с торгов по указанию судебного пристава-исполнителя. Денежные средства, внесенные в качестве задатка на участие в аукционе победителем торгов, зачитываются в качестве оплаты покупной цены имущества. При не перечислении покупателем покупной цены в срок, он считается уклонившимся от заключения договора. В случае уклонения победителя аукциона от заключения договора задаток не возвращается. Если торги не состоялись или отменены, задатки подлежат возврату заявителям. Задаток возвращается также лицам, которые участвовали в торгах, но не выиграли их. Возврат задатка осуществляет оператор электронной площадки в течение 5 рабочих дней со дня подписания Протокола о результатах торгов. Все вопросы, касающиеся проведения аукциона, но не нашедшие отражения в настоящем информационном сообщении, регулируются в соответствии с законодательством Российской Федерации. Получить дополнительную информацию о торгах и о правилах их проведения, ознакомиться с формой заявления, с проектом договора купли-продажи можно на официальном сайте http://www.torgi.gov.ru, сайте электронной торговой площадки на сайте https://www.rts-tender.ru и сайте Росимущества в сети «Интернет» www.rosim.ru. Ознакомление с документами на имущество, имеющимися в наличии у организатора торгов осуществляется путем направления запроса на электронную почту по адресу: tu15@rosim.gov.ru, A.Dulaeva@rosim.ru. Заявителю в запросе необходимо указать: ФИО, контактный телефон, адрес электронной почты. Ответ на запрос будет направлен на адрес электронной почты, указанный в запросе.

ПАДДЗАХАДОН ИСБОНЫ УЫНАФФÆЙАДЫ ФЕДЕРАЛОН АГЕНТАДЫ ЦÆГАТИРЫСТОЙНАГ ТЕРРИТОРИОН УПРАВЛЕНИ (ДАРДДÆР – БАЗАРАДÆН ФАДÆТТÆ АРАЗÆГ) ХЪУСЫН КÆНЫ:

Тærхонадон пъырыстыфты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы кæй æрцахста, дæлдæр амынд хæсдарджытæм хауæр, уыцы исбон ауæй кæныны фæдыл базарад баххæст кæныны тыххæй хабар:

1. А.В. Лебедев исбон, адрис: РЦИ-Алани, Горæтгæрон район, Джызæл, 5-æм лини, хай № 114.

Лот № 1 – цæрæнуат, КН 15:08:0220125:421, иумæйаг фæзуат – 92,2 кв.м., зæххы хай, КН 15:08:0220125:200, иумæйаг фæзуат – 1000 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 2070600 сомы. Цъынды – 103530 сомы. Аукционы къæпхæн – 21000 сомы.

2. И.Д. Зайцева исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Леоновы уынг, 1, бæстыхай 2, фатер 81.

Лот № 2 – цæрæнуат, КН 15:09:0040103:824, иумæйаг фæзуат – 49,3 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 2487296,7 сомы. Цъынды – 124000 сомы. Аукционы къæпхæн – 25000 сомы.

3. Уыртаты Ю.Д. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 12.

Лот № 3 – зæххы хай, КН 15:09:0032701:282, иумæйаг фæзуат – 480 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 1000000 сомы. Цъынды – 50000 сомы. Аукционы къæпхæн – 50000 сомы.

4. Бититы Э.Т. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, поселок Попов Хутор, Поляничкойы уынг, 41, СНО «ИР», хай № 1386.

Лот № 4 – зæххы хай, КН 15:09:0033201:763, иумæйаг фæзуат – 480 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 386550 сомы. Цъынды – 19000 сомы. Аукционы къæпхæн – 4000 сомы.

5. Хъоцыты С.А. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Джыккайты Шамилы уынг, 7, фатер 101.

Лот № 5 – цæрæнуат, КН 15:09:0302002:574, иумæйаг фæзуат – 103,3 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 3846726,4 сомы. Цъынды – 192000 сомы. Аукционы къæпхæн – 39000 сомы.

Базарад цæудзæн аукционы (йæ архайджыты номхыгъд æмæ æргъты фæдыл курдиæттæ бадæттыны бæрæггæнæнтæ уыдзысты æргом) хуызы электронон фæткыл ЭТП «РАД»-ы фæзуаты интернеты ахæм адрисыл: https://lot-online.ru.

Аукцион ацæудзæн 2025 азы 18 июлы Мæскуыйы рæстæгмæ гæсгæ 10.00 сахатыл. Курдиæттæ барвитæн ис 2025 азы 3 июлæй 2025 азы 16 июлмæ.

Информацион хъусынгæнинадæй амынд афон, æмбæлгæ уагæй арæзт гæххæттытæ чи бавдиса, аукционы архайыны бар ис ахæм юридикон æмæ физикон иуæгтæм. Уæйгæнæг кæй сфидар кæна, курдиатæрвитæг курдиæттæ барвиты ахæм хуызмæ гæсгæ (курдиаты хуыз æвæрд ис сайты: интернеты хызæджы «Уæ исбонад»-ы сайт www.rosim.ru, интернеты хызæджы Уæрæсейы Федерацийы официалон сайт www.torgi.gov.ru æмæ электронон фæзы сайт https://lot-online.ru). Курдиатмæ хауынц мæнæ ахæм гæххæттытæ: 1. балхæнинаг исбоны аргъ бафидынæн фадæтты арæзтады хыгъдмæ курдиат барвитæг цъынды кæй бахаста, уыл дзурæг æххæсткæнынады тыххæй банчы нысанимæ фиддонты гæххæтт (цъынды бахæссынц «РТС-Тендер» электронон фæзы хыгъдмæ); 2. курдиат, йæе хуызæг æвæрд ис сайты www.rosim.ru-йы, www.torgi.gov.ru æмæ https://www.rts-tender.ru, рæдыдтытæ, срастгæнинæгтæ æмæ хахгонд дзырдтæ дзы хъуамæ ма уа; 3. курдиатæрвитæджы номæй архайыны бар кæмæ ис, ахæм адæймагыл æууæнчы гæххæтт, курдиат кæд курдиатæрвитæджы минæвар барвыста, уæд, æмбæлгæ уагæй арæзт, науæд нотариусы мыхуыримæ амынд æууæнчы гæххæтты халдих (юридикон иуæджы разамонæджы бæрнджын адæймæгтæ æмæ фæсарæйнаг юридикон иуæгтæн: фидаргонд хуызæгмæ гæсгæ базарады архайды фæдыл курдиат; æмбæлгæ уагæй мыхуыр æвæрд кæуыл ис, иу кæнæ иннæ паддзахады закъонæвæрынадмæ гæсгæ индивидуалон амалиуæггæнæджы хуызы юридикон кæнæ физикон иуæджы паддзахадон регистрацийы тыххæй æмæ физикон иуæджы æцæгдзинад æвдисæг гæххæттыты уырыссаг æвзагмæ, ахæм тæлмац; нотариусы мыхуыр кæуыл ис, физикон иуæджы минæвары æууæнчы, ахæм гæххæтт, курдиатæрвитæджы минæвар курдиат кæд барвыста, уæд; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккагдзинады тыххæй декларации (гæххæттыл фыстæй, уæгъдибар уагæй); — физикон иуæгтæн: курдиатæрвитæджы паспорты халдих (æппæт сыфтæ); нотариусы мыхуыр кæм ис, физикон иуæджы минæвары æууæнчы, ахæм гæххæтт, курдиатæрвитæджы минæвар курдиат кæд барвыста, уæд; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккагдзинады тыххæй декларации (гæххæттыл фыстæй, уæгъдибар уагæй); — фæсарæйнаг адæймæгтæ æмæ фæсарæйнаг юридикон иуæгтæн: фидаргонд хуызæгмæ гæсгæ базарады архайды фæдыл курдиат; æмбæлгæ уагæй мыхуыр æвæрд кæуыл ис, иу кæнæ иннæ паддзахады закъонæвæрынадмæ гæсгæ индивидуалон амалиуæггæнæджы хуызы юридикон кæнæ физикон иуæджы паддзахадон регистрацийы тыххæй æмæ физикон иуæджы æцæгдзинад æвдисæг гæххæттыты уырыссаг æвзагмæ, ахæм тæлмац; нотариусы мыхуыр кæуыл ис, физикон иуæджы минæвары æууæнчы, ахæм гæххæтт, курдиатæрвитæджы минæвар курдиат кæд барвыста, уæд; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккагдзинады тыххæй декларации (гæххæттыл фыстæй, уæгъдибар уагæй). Фæсарæйнаг физикон æмæ юридикон иуæгтæн базарады архайыны бар раттынц Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадæххæст кæныны æууæлимæ. Иу адæймагмæ ис æрмæст иу курдиат барвитыны бар. Курдиатæрвитæг аукционы архайынæн кæй барвиты, ахæм гæххæттыты æххæст комплект нымад у курдиатыл. Курдиат æмæ ацы курдиатимæ баст æппæт гæххæттытæ фыссын æмбæлы уырыссагау. Курдиатæрвитæг бафтауинаг гæххæттытимæ курдиат фидаргонд афон гæххæттыты скан-хуызæгты уагæй барвиты электронон фæзы фæрцы. Бæрнджын адæймаг йæе къух кæм сæвæрдта, æмæ, кусæндоны мыхуыр æвæрд кæм ис, юридикон иуæджы æрвыст, ахæм гæххæттытæ æрвыст цæуынц гæххæттыты скан-хуызæгты уагæй. Хайад «Исбонад»-йы исбонадон базартæ æххæст кæнынæн дæлхайад «Документы РТС «Тендер» для проведения имущественных торгов"-ы сайт https://lot-online.ru-йы æвæрд электронон базарадон фæзы уагæвæрд æмæ электронон фæзы æндæр нормативон гæххæттытæм гæсгæ курдиат барвитынц электронон фæзы фæрцы. Электронон фæзы нормативон гæххæттытæ кæй сфидар кодтой æмæ сайт https://lot-oniine/ru хайад «Тарифы»-йы кæй сæвæрдтой, базарадон архайд æххæст кæнынц ахæм æргътæм гæсгæ. Претендент УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккаг кæй у, уый тыххæй декларации хуымæтæджы уагæй фыссынц гæххæттыл (претендент амынд нормæйы домæнты аккаг у, зæгъгæ, мидис хъуамæ афтæ амона).

Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадмæ гæсгæ, претендентмæ æлхæнæг уæвыны бар кæд нæй, Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынад æмæ ацы информацион хъусынгæнинаг кæй амонынц, æвдыст гæххæттытæ, уыцы домæнтæ æмæ фæтк кæд халынц, цъынды йы тыххæй бадзырды амынд хыгъдмæ цъынды афоныл кæд нæ бафтыд, уæд, стæй архайæг, закъонæвæрынады амынд æндæр уавæрты аукционы архайынмæ претенденты нæ бауадзынц.

Уæйгæнинаг, исбоны тыххæй æппæтæй стырдæр аргъ чи бавдиса, уыцы архайæджы нымайынц аукционы уæлахиздзауыл. Бадзырды тых кæмæ ис, базарады уæлахиздзауимæ, ахæм суагъæйы къухтæ æрæвæрынц базарад баххæст кæныны бонæй æппынкъаддæр дæс боны фæстæ. Æлхæнинаг исбоны аргъ бафидынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы къухтæ æрæвæрыны бонæй фондз кусгæ боны дæргъы. Бадзырды тых кæмæ ис, аукцион аразыны бон базарады уæлахиздзауимæ сфидар кæнынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй, ахæм суагъæ. Базарады уæлахиздзау, йæе къух базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы æрæвæрынц базарад баххæст кæныны бонæй æппынкъаддæр дæс боны фæстæ. Æлхæнинаг исбоны аргъ бафидынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы къухтæ æрæвæрыны бонæй фондз кусгæ боны дæргъы. Бадзырды тых кæмæ ис, аукцион аразыны бон базарады уæлахиздзауимæ сфидар кæнынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй, ахæм суагъæ. Базарады уæлахиздзау, йæе къух базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы æрæвæрынц базарад баххæст кæныны бонæй æппынкъаддæр дæс боны фæстæ. Æлхæнинаг исбоны аргъ бафидынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы къухтæ æрæвæрыны бонæй фондз кусгæ боны дæргъы. Бадзырды тых кæмæ ис, аукцион аразыны бон базарады уæлахиздзауимæ сфидар кæнынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы къухтæ æрæвæрынц базарад баххæст кæныны бонæй æппынкъаддæр дæс боны фæстæ. Æлхæнинаг исбоны аргъ бафидынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы къухтæ æрæвæрыны бонæй фондз кусгæ боны дæргъы.

Аукцион сарæзынмæ бар чи дары, фæлæ, ацы информацион хъусынгæнинаг кæй нæ амоны, æппæт уыцы фарстытæ лыггонд цæуынц Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадмæ гæсгæ. Адæймагмæ ис интернеты хызæджы официалон сайт https://www.torgi.gov.ru-йы, электронон базарадон фæзы сайт https://lot-online.ru æмæ «Уæрисбонад»-ы сайт www.rosim.ru-йы фæрцы базарад æххæст кæныны тыххæй уæлæмхасæн хабæрттæ базоныны, стæй курдиаты хуызæгимæ æмæ балхæды-уæйкæнынады бадзырды проектимæ базонгæ уæвыны бар. Мæнæ ахæм адрис tu15@rosim.gov.ru, A.Dulaeva@rosim.ru-йы электронон постмæ фарст барвитыны фæрцы адæймагæн ис базарадæн фадæттæ сарæзгæмæ уæвæг исбоны гæххæттытимæ базонгæ уæвыны фадат. Фарст барвитæджы хæс у мыггаг, ном, фыды ном, контактон телефон æмæ электронон посты адрис фарсты бацамонын. Фарсты кæй амонынц, фарстæн дзуапп барвитдзысты электронон

Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ – 25-93-68, Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татынæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2500. Заказ № 713. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru